

Chè Paran oswa Gadyen:

Kòm ou ka konnen, Eta a mete rezilta egzamen matematik ak ELA Eta Nouyòk la deyò nan kòmansman semèn lan pou elèv nan klas 3yèm ane rive 8yèm ane.

Mwen konnen ou pa ka tann pou wè rezilta pitit ou a. **Pou otòn lan, Eta ap voye bay tout fanmi rapò endividyèl ki gen nòt pitit yo fè.** Rapò sa a ap ede w konprann domèn kote pitit ou a bezwen travay sou li epi l ap montre kòman pitit ou a ap travay lè w konpare l avèk lòt elèv.

Anplis, si pitit ou a pa t pase an Jen epi li nan lekòl ete kounye a, w ap resevwa yon lèt nan fen semèn lan k ap fè w konnen si pitit ou a toujou bezwen pran egzamen ELA ak matematik Vil la ann Out. Desizyon sa a ap depann sou nòt final pitit ou a pou egzamen Eta yo. Si nou te gen rezilta nou gen jodi a pou egzamen Eta yo lè nou t ap pran desizyon pou lekòl ete, t ap gen lòt elèv ki kalifye pou ale nan lekòl ete. Piske rezilta yo pa t disponib atan pou nou voye elèv nan lekòl ete, yo pral resevwa sipò anplis pandan ane lekòl la pou garanti yo metrize kontni ak konesans ki nesèsè pou yo reyisi nan klas y ap ye a.

Si w prefere pou konn nòt pitit ou a avan lekòl la ouvri, n ap mete nòt yo disponib pou paran sou entènèt. Apati Lendi 16 Out, w ap kapab wè nòt egzamen pitit ou a atravè Link ARIS pou Paran nan sit wèb DOE a, k ap ba w done endividyèl elèv la.

- Si w t ale sou sit la avan, oswa si w gen nimewo ID pitit ou a avèk yon mopas tanporè, ale nan www.arisparentlink.org pou ouvè paj la. Lè w nan paj la, klike sou pwofil pitit ou a pou wè rezilta li nan egzamen Eta 2010 la.
- Si w pa gen aksè nan ARIS kounye a, gade nan fen lèt sa a pou plis detay.

Kòm ou konnen, nou fè yon pakèt pwogrè nan ane ki sot pase yo. Men ane sa a, Eta a chanje fason yo korije egzamen yo. Kòm ou ka tande deja, Eta a monte nivo pwen pou elèv yo fè a pi wo pa rapò avèk ane ki sot pase yo. Kòm rezilta, yon nòt ki te ase ane pase pou mete yon elèv nan nivo 3, oswa "byen" kapab yon nivo 2, oswa "pasab" ane sa a. Sistèm koreksyon ki pi di a fè nòt tout elèv anjeneral bese anpil nan tout Eta a ak la a nan Vil la. Sepandan, malgre bèss nan nòt yo, elèv nou yo fè an jeneral nòt ELA ak matematik ki nan nivo rezilta ane pase yo epi, nan kèk ka, rezilta yo pi bon pase ane pase.

Majistra Bloomberg ansanm avèk mwen aplodi efò Eta a pou kontinye monte nivo a epi fikse nòm ki pi wo pou elèv yo. Nan kòmansman mwa a, Eta a adopte yon nouvo Nòm Fondamantal an Komen *Common Core standards* k ap gen enflyans sou sa y ap anseye nan lekòl. Nòm sa yo ap fè vin genyen plis redaksyon, plis solisyon pwoblèm ak plis panse kritik epi y ap ede pwofesè ak direktè lekòl konekte aprantisaj atravè diferan sijè ak nivo klas pi byen. Direktè lekòl yo ak pwofesè yo kòmanse travay deja ansanm pou planifye kòman nouvo nòm sa yo pral kòmanse gen efè sou travay yo avèk pitit ou a ane k ap vini an.

Mwen atann pou chak lekòl nan Vil la analize rezilta egzamen Eta yo tout bon epi fè ajisteman apwopriye nan kourikoulòm ak sipò pou elèv pou yo ka atenn epi yon jou rive depase nòm ki pi wo sa yo. Mwen atann tou pou chak lekòl travay avèk oumenm ak pitit ou a pou idantifye domèn konpetans ak fòs, ak domèn ki mande plis sipò ak atansyon.



Joel I. Klein
Chancellor

Pa gen manti nan sa—nou fè yon pakèt pwogè deja, men nou reyalize nou dwe akonpli pi bon bagay toujou. Nou p ap dekouraje jiskaske chak timoun resevwa yon edikasyon bonjan kalite ak jiskaske tout elèv ki gradye prepare pou kolèj oswa pou yon karyè. Lè m gade dèyè, epi m gade devan, mwen gen plis espwa kounye a nou kapab atenn objektif sa a.

Ak senserite,

A handwritten signature in black ink that reads 'Joel I. Klein'.

Joel I. Klein
Chanselye

Eksplikasyon pou ale nan Link ARIS pou Paran si w pa gen enfòmasyon pou ouvri sesyon an:

Lekòl pitit ou a kapab ba ou enfòmasyon sa a an Septanm, oswa lekòl ki ouvri pandan ete a kapab ba ou enfòmasyon pou antre nan paj la kounye a. Anplis, pandan semèn 16 Out la, ou ka ale nan chak *borough* yo pou pran enfòmasyon pèsònèl ou pou Link ARIS pou Paran an. Apati Lendi, 2 Out, n ap afiche lokal espesifik nan schools.nyc.gov/Accountability/resources/aris.

Tanpri sonje akòz Link ARIS pou Paran gen enfòmasyon konfidansyèl elèv, fòk ou prezante yon ID ak foto pou jwenn enfòmasyon an.